Civil Services (Main) Examination, 2024

PHKM-U-MTLI

# मैथिली / MAITHILI

## प्रश्न-पत्र I / Paper I

## (साहित्य) / (LITERATURE)

*निर्धारित समय : तीन घंटे*
*Time Allowed : **Three** Hours*

*अधिकतम अंक : **250***
*Maximum Marks : **250***

---

### प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश

***प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकेँ सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ :***

*एतय दू **खण्ड (SECTION)** मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि ।*

*अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि ।*

*प्रश्न संख्या **1** तथा **5** अनिवार्य अछि । शेष प्रश्नमेसँ कोनो **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (section) सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि ।*

*प्रश्न / खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि ।*

*उत्तर **मैथिली** (देवनागरी लिपि) मे लिखब अनिवार्य अछि ।*

*जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि ।*

*उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत । यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशत: लिखित उत्तरोकेँ गणना सेहो कयल जायत । प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकेँ अवश्य काटि दी ।*

### Question Paper Specific Instructions

***Please read each of the following instructions carefully before attempting questions :***

*There are **EIGHT** questions divided in **TWO SECTIONS.***

*Candidate has to attempt **FIVE** questions in all.*

*Questions no. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, any **THREE** are to be attempted choosing at least **ONE** question from each section.*

*The number of marks carried by a question / part is indicated against it.*

*Answers must be written in **MAITHILI** (Devanagari script).*

*Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.*

*Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.*

---

## SECTION A

**Q1.** **निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग 150 शब्दों में) :** *10×5=50*

(a) तिरहुता लिपिक प्रासंगिकता *10*

(b) मैथिली ओ उड़ियामे साम्य-वैषम्य *10*

(c) मैथिलीक उद्‌गम युग *10*

(d) मैथिली भाषाक क्षेत्रानुसार विभाजन *10*

(e) सर्वनामक परिभाषा एवं भाषा मे ओकर महत्त्व *10*

**Q2.** (a) भारोपीय भाषा परिवारक वर्गीकरण पर सविस्तर विचार करू। *20*

(b) मध्यकालीन भारतीय आर्यभाषा सँ परिचय कराउ। *15*

(c) मैथिलीक मानकीकरणक समस्या आ समाधान पर प्रकाश दिअ। *15*

**Q3.** (a) पूर्वाञ्चलीय भाषा मध्य मैथिलीक अन्तर्संबंधक विवेचना करू। *20*

(b) पं. गोविन्द झाक भाषा वैज्ञानिक रचना सँ परिचय कराउ। *15*

(c) मैथिली क्रियापदक अनुषंगी भाव केँ स्पष्ट करू। *15*

**Q4.** (a) 'मध्यकालीन अवहट्ठ साहित्य तत्कालीन समाजक ऐतिहासिक दस्तावेज अछि' – प्रमाणित करू। *20*

(b) मैथिली उपभाषा-विभाजनक प्रसंग ग्रिअर्सन एवं पं. गोविन्द झाक मतक समीक्षा करू। *15*

(c) मैथिली भाषा विज्ञानक क्षेत्र मे सुभद्र झाक योगदानक उल्लेख करू। *15*

## SECTION B

**Q5.** **निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग 150 शब्दों में) :** ***10×5=50***

(a) मैथिली साहित्यक सांस्कृतिक पृष्ठभूमि *10*

(b) काल-विभाजनक प्रसंग रमानाथ झाक मंतव्य *10*

(c) लोक-नाट्य जट्-जटिनक वैशिष्ट्य *10*

(d) 'पुरूष परीक्षा' क मैथिली अनुवाद *10*

(e) मैथिली साहित्य मे राम-काव्यक परम्परा *10*

**Q6.** (a) कवीश्वर चन्दा झा ओ कविवर लालदासक रामायणक वैशिष्ट्यक उल्लेख करू। *20*

(b) मैथिली लोकगीतमे पर्यावरणीय पक्षकेँ विश्लेषित करू। *15*

(c) कथाकारक रूपमे 'लिली रे' क मूल्यांकन करू। *15*

**Q7.** (a) मध्यकालीन नेपालीय मैथिली नाटकक विषय-वस्तु एवं वैशिष्ट्य पर प्रकाश दिअ। *20*

(b) विद्यापतिक कृष्ण लौकिक चरित-नायक छथि; विवेचित करू। *15*

(c) निबंधकारक रूपमे भीमनाथ झाक मूल्यांकन करू। *15*

**Q8.** (a) मैथिली आलोचना साहित्यक दशा आ दिशा पर समीक्षात्मक विचार प्रस्तुत करू। *20*

(b) एकैसम शताब्दीक मैथिली उपन्यासक विषय-वस्तु पर प्रकाश दिअ। *15*

(c) उमापति विद्यापति काव्य-परम्पराक महत्त्वपूर्ण रचनाकार छथि; सयुक्ति विवेचन करू। *15*